



## **Sa W Dwe Konnen Si Yo Te Voye Yon Sitasyon Pou Ou Ki Di Ou Pa Respekte Lwa sou Kanabis Eta New York la**

### **Kisa Lwa sou Kanabis Eta New York la Di?**

Tout moun oswa biznis k ap vann, distribye, fè kado kanabis ak pwodui kanabis san lisans ap gen pou peye yon penalite. Cherif Vil New York la (New York City, NYC) ka bay yon moun ki pa respekte lwa a lòd pou li sispann konduit sa a. Cherif la gendwa bay lòd tou pou sele yon kote moun yo pa respekte lwa sou kanabis la, sa ki fè yo poze “yo menas pandye” (paregzanp, y ap fonksyone toupre yon lekòl, y ap vann bay timoun, yo travay san lisans nan kote a, yo rete ouvè apre yon premye lòd pou yo fèmen, elatriye).

### **Kisa Mwen Ka Fè Si Mwen Resevwa Yon Sitasyon?**

Li devan ak do sitasyon an pou jwenn enstriksyon sou opsyon w yo. Si w ta renmen konteste sitasyon an, ou gen dwa a yon odyans nan OATH, nan yon delè senk jou ouvrab apati de lè yo te voye sitasyon an pou ou. OATH gen otorizasyon lalwa pou li fè odyans sou sitasyon sa yo, pou li pran desizyon sou sitasyon sa yo, ak pou li fè Cherif la rekòmandasyon sou lòd sele yo. Ou gen dwa pou w pran pwòp avoka pa w, men ou pa oblije fè sa. Nan odyans ou an, ou te mèt mande pou yon entèprèt gratis nan lang ou chwazi a. Ou gen dwa pou w prezante prèv ou yo ak pou w rele temwen w yo. Si w pa pare pou konteste sitasyon an pou pi ta nan dat odyans ki make sou sitasyon an, alòs ou te mèt mande pou yo ranvwaye odyans lan yon sèl fwa nan [nyc.gov/oath/reschedule](https://nyc.gov/oath/reschedule), oswa ou te mèt ale pou sa nan nenpòt kote OATH fè odyans.

### **Èske Mwen Ka Peye Sitasyon an Olye pou M Ale nan Odyans Lan?**

Si w dakò pou w admèt ou pa t respekte lwa a, pou w peye penalite a, epi pou w pa ale nan odyans lan, ou te mèt fè sa pou pi ta nan dat ki pwograme pou odyans ou an. Ou te mèt peye sou entènèt, pa lapòs, oswa an pèsonn nan nenpòt sant biznis Depatman Finans (Department of Finance) lan.

Men, si Cherif la te bay yon lòd sele tou, lè w peye penalite a, sa pa p gen efè sou lòd sele a epi sa p ap fè yo desele kote a. Pou konteste lòd sele a, ou ka ale nan odyans ki pwograme a nan OATH.

### **Kijan Pou Mwen Reponn Yon Sitasyon Ki Di Mwen Pa Respekte Lwa sou Kanabis Eta New York la?**

Ou dwe kontakte OATH kou sa posib lè w fin resevwa sitasyon an epi anvan dat odyans ki nan sitasyon an. Pou mande yon odyans, voye yon imèl pou awondisman kote swadizan enfraksyon an te fèt: Bronx: [RemoteBronx@oath.nyc.gov](mailto:RemoteBronx@oath.nyc.gov); Staten Island: [RemoteSI@oath.nyc.gov](mailto:RemoteSI@oath.nyc.gov); Brooklyn: [RemoteBKLYN@oath.nyc.gov](mailto:RemoteBKLYN@oath.nyc.gov); Manhattan: [RemoteManhattan@oath.nyc.gov](mailto:RemoteManhattan@oath.nyc.gov); Queens: [RemoteLIC@oath.nyc.gov](mailto:RemoteLIC@oath.nyc.gov). Pa bliye mete tout nimewo sitasyon yo nan demann ou voye nan imèl la.

Menm si w gen dwa pou w gen yon odyans OATH rapid nan yon delè 5 jou ouvrab apre dat yo voye sitasyon an pou ou a, dwa a odyans rapid la p ap disponib ankò si yo ranvwaye odyans lan, ajoune li, oswa si w pa reponn sitasyon an pou pi ta nan dat odyans ki enprime sou sitasyon w lan.

## E Si Mwen Pa Reponn Sitasyon an Epi Mwen Pa Parèt pou Odyans Lan (Defo)?

Si w pa peye sitasyon an anvan dat odyans lan epi oumenm oswa reprezantan w lan pa konteste sitasyon w lan pandan yon odyans, alòs y ap jije ou komèt enfraksyon an pa defo epi y ap enpoze w yon penalite \$10,000, **epi yo gendwa kenbe lòd sele a anplas pandan jiska yon ane.**

Règ OATH yo bay pati ki an defo yo chans pou yo fè yon rekèt pou anile defo a epi pou yo gen yon lòt odyans sou sitasyon an ak lòd sele a. Ale sou [nyc.gov/hearings](https://nyc.gov/hearings) pou jwenn plis enfòmasyon sou defo ak pou jwenn fòmilè ou bezwen an pou mande yon lòt odyans.

## Kisa k ap Fèt Nan Odyans lan?

Nan odyans lan, Ajan Odyans lan pral gade sitasyon an epi bay ni Cherif NYC a (petisyonè a) ni ou (moun ki an kòz la) chans prezante prèv, temwen, ak agiman. Ou ka parèt poukont ou oswa fè yon reprezantan ou bay otorizasyon parèt pou ou. Ajan Odyans lan ap decide si pou li anile sitasyon an oubyen si pou li konfime enfraksyon an. Si sitasyon an pale de lòd sele, Ajan Odyans lan ap decide tou si yo te bay lòd sele a kòm sadwa.

## Kisa k ap Fèt Apre Odyans lan?

Lè odyans lan fini, OATH ap voye yon desizyon ekri pou pati yo. Desizyon OATH sou **sitasyon** an se yon detèminasyon administratif final e ou pa ka fè apèl li, ni devan OATH ni devan Cherif NYC a. Rekòmandasyon OATH la sou yon **lòd sele** dwe jwenn yon desizyon final nan men Cherif NYC a nan yon delè kat (4) jou ouvrab apre fen odyans lan. Ou te mèt kontakte Cherif NYC a nan (718) 707-2100 si ou gen papye pou depoze devan l konsènan lòd sele a.

## Kisa Penalite A Ye si Yo Jije Mwen Pa Respekte Lwa a Apre Odyans lan?

Si yo jije ou pa respekte lwa a, penalite a se \$10,000 pa jou pandan enfraksyon an kontinye, avèk yon penalite \$25,000 omaksimòm. Se lwa jeneral la ki etabli penalite yo epi yo pa ka ni redui, ni anile, ni negosye kèlkeswa fason an. Si Ajan Odyans lan fè Cherif NYC a yon rekòmandasyon pou li kenbe lòd sele a, alòs Cherif NYC a ap pran yon desizyon final sou lòd sele a nan yon delè kat (4) jou ouvrab apre fen odyans lan.

## E Si Mwen Gen Kesyon Sou Yon Lòd Sele?

Tanpri kontakte Cherif NYC a nan (718) 707-2100.

**Si ou Bezwen Plis Èd, Tanpri Kontakte Sant Èd OATH la (OATH Help Center) An Pèsòn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8 AM pou 5 PM, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov).**

**Bronx**  
260 E.161st Street, 6th FL  
Bronx, NY 10451

**Brooklyn**  
9 Bond Street, 7th FL  
Brooklyn, NY 11201

**Manhattan**  
66 John Street, 10th FL  
New York, NY 10038

**Queens**  
31-00 47th Avenue, 3rd FL  
Long Island City, NY 11101

**Staten Island**  
350 St. Marks Place, Main FL  
Staten Island, NY 10301